Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE LANSMAN GWO FAZ KONSTRIKSYON PWOJÈ FAZ 2 METWO SECOND AVENUE AN

Gouvènè a mete ansanm ak dirijan MTA yo pou patisipe nan seremoni sou sit lansman pou machin fouye tinèl la

Leson yo te aprann nan Faz 1 an mennen nan 1 milya dola ekonomi sou depans yo; pwojè a finanse an pati gras ak revni ki soti nan tarif pou rediksyon anbouteyaj yo

Prèske yon syèk apre yo te premye pwopoze li, Faz 2 Metwo Second Avenue an pral bay 100,000 pasaje chak jou nan East Harlem yon nouvo koneksyon transpò piblik

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te mete tèt ansanm ak dirijan Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) yo, ofisyèl eli yo ak lidè kominote Harlem yo pou yo te kòmanse gwo etap konstriksyon pwojè transfòmatè Faz 2 Metwo Second Avenue an. Seremoni lansman an te fèt sou sit kote, nan kòmansman ane 2027, machin modèn k ap fouye tinèl la (Tunnel-Boring Machine, TBM) pral desann anba tè pou kòmanse fouye nouvo tinèl metwo yo soti nan 120 Street ak 2nd Avenue rive nan 125 Street ak Malcolm X Boulevard.

Gouvènè a te anonse tou, apre rekòmansman finansman federal pou pwojè a nan mwa avril, MTA a te bay pwochen gwo kontra a pou konstwi dènye seksyon tinèl faz sa a soti nan 105 Street rive nan 110 Street, ansanm ak estasyon 106 Street k ap vini an, lè yo itilize metòd "fouye epi kouvri (cut and cover)" a. MTA a ap aplike leson li te aprann nan Faz 1 pwojè a pou bay plis pase 1 milya dola ekonomi epi li sou bon chemen pou fini travay relokasyon enfrastrikti sèvis piblik yo pi bonè pase sa yo te prevwa, sa ki pral pèmèt travay ki rete sou pwojè a kòmanse sis mwa anvan dat ki te pwograme okòmansman an.

"Metwo Second Avenue an pral chanje tout bagay pou East Harlem, fè moun yo ekonomize tan ki gen anpil valè epi l ap kreye opòtinite ki, pandan twò lontan, pa t aksesib pou twòp moun," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dènye fwa yo te fè yon seremoni lansman pou yon metwo Second Avenue nan East Harlem, sa te fèt sa depi 54 ane, men pwojè a te abandone apre sa, epi kominote sa a te rete neglije. Lè mwen te vin Gouvènè, mwen te pwomèt mwen t ap lidè ki finalman fè pwojè sa a reyalize, epi avèk lansman gwo faz konstriksyon pwojè sa a, nou fè yon gwo pa an avan pou reyalize yon rèv yo t ap tann depi prèske yon syèk."

Machin modèn ki gen dansite varyab pou fouye tinèl yo pral livre nan kòmansman ane pwochèn. Machin sa yo, ki peze plis pase 680,390 kilogram (1,500,000 liv), ekipe ak tèt kouto an kabi tongstèn ki mezire 7 mèt (23 pye). TBM nan ka ajiste metòd li yo selon kalite materyèl li rankontre, lè li pase soti nan yon kalite pèsez pou wòch di pou ale nan yon lòt pou tè mou oswa sab. TBM nan ranfòse tou revètman tinèl li kite dèyè pandan li ap avanse anba Harlem. TBM nan pral kòmanse operasyon li soti sou sit 120 Street epi li pral avanse rive nan 125 Street ak Malcolm X Boulevard.

An menm tan ak etap enpòtan ki make jodi a pou pwojè Faz 2 a, Gouvènè Hochul ak MTA a deja ap defini dimansyon ak prepare konsepsyon yon posib pwochen faz ki ta pwolonje tren Q a nan direksyon lwès sou 125th St rive Broadway, avèk twa nouvo estasyon ak plis pase 160,000 pasaje pa jou. Apre yo fin konplete yon etid fezabilite MTA, Gouvènè a te anonse an 2024, bidjè eta a pou ane fiskal 2027 ki te adopte ane sa a te asire 25 milyon dola pou fè travay jeni preliminè ak konsepsyon yon pwolongasyon tinèl la, ansanm ak apwobasyon yon pwosesis revizyon anviwònmantal efikas. Si pwojè a avanse, travay sou tinèl la ka kontinye san entèripsyon lè yo itilize anpil nan menm ekipman yo ki soti nan Faz 2 a, sa ap ekonomize tan ak lajan.

Faz 2 Metwo Second Avenue an divize an kat kontra – konpare ak 10 kontra nan Faz 1 an – pou ogmante efikasite pwojè a epi diminye kowòdinasyon konplike ant kontraktè yo. Fouye tinèl la fè pati Kontra 2 a, ki gen yon valè 1.97 milya dola, epi li gen ladan fouye twou pou TBM nan, eksplozyon kontwole pou pwochen estasyon yo, ak retire amyant ak plon nan tinèl ki egziste depi ane 1970 yo. Nan seremoni lansman jodi a, MTA a ak Gouvènè Hochul te anonse pwogrè sou yon lòt gwo eleman nan Faz 2 a: atribisyon Kontra 3 a. Kontra 3 a pral konstwi estrikti prensipal nouvo Estasyon 106 St la ansanm ak tinèl ki asosye yo, pou konekte tinèl ki deja egziste yo nan nò ak nan sid estasyon an, yo prevwa kontraktè a pral kòmanse travay la nan mwa k ap vini yo. Tout pwojè Faz 2 Metwo Second Avenue an gen yon bidjè 6.968 milya dola epi li sou wout pou kòmanse sèvis pou piblik la an 2032.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Sa fè 80 ane depi yo te kòmanse demoli Tren Second Avenue a -- yon lavi antye. Seremoni lansman jodi a se yon lòt gwo etap nan direksyon jistis transpò pou East Harlem, kominote nan vil la ki pi depann de transpò piblik."

Prezidan MTA Construction & Development, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Nouvo MTA a ap respekte pwomès ki te egziste depi lontan pou pote sèvis metwo bay kominote East Harlem lan. Lè nou aplike leson nou te aprann nan Faz 1 an, nou ap reyalize pwojè sa a pi byen, pi rapid, epi pi bon mache—avèk plis pase 1 milya dola ekonomi jiskaprezan."

Itilize Estrateji pou Kontwole Depans yo Aprann Pandan Faz 1
Kòm yon pati nan angajman MTA a pou l reyalize pwojè enfrastrikti enpòtan yo pi byen, pi vit ak pi bon mache, kontra pou Faz 2 a enkòpore leson yo aprann nan Faz 1 Metwo Second Avenue an.

Lè nou pran an konsiderasyon egzijans pou relokasyon sèvis piblik yo davans, sa diminye risk pou gen depans oswa reta inatandi pita pandan konstriksyon an ap pwogrese — sitou nan vil Nouyòk ki gen youn nan rezo sèvis piblik anba tè ki pi konplèks nan mond lan, e pifò ladan yo pa gen kat jeyografik.

Inisyativ adisyonèl pou kontwole depans nan Faz 2 gen ladan reyitilizasyon yon segman tinèl ki te konstwi nan ane 1970 yo soti nan 110 Street rive nan 120 Street sou Second Avenue, akizisyon bonè byen imobilye, adopsyon estrikti kontra ki gen pi bon valè, kontra ki baze sou pèfòmans, konsepsyon-konstriksyon, kowòdinasyon deprè nan kontra yo ak rediksyon nan espas administratif la, espas oksilyè ak gwosè estasyon an. Antou, inisyativ sa yo ekonomize plis pase 1 milya dola.

Founi Pi Bon Transpò pou East Harlem
East Harlem se yon katye ki istorikman pa gen ase sèvis, ki gen youn nan pi gwo konsantrasyon lojman abòdab nan Etazini e kote 70 pousan rezidan yo depann de transpò piblik. Faz 2 a pral kreye twa nouvo estasyon aksesib nan kè kominote a nan 106 Street, 116 Street, ak 125 Street, epi li pral ofri vwayaj yon sèl plas soti East Harlem pou rive Upper East Side, West Midtown ak Coney Island, sa ki pral diminye tan vwayaj yo jiska 20 minit.

Pwojè Faz 2 Metwo Second Avenue an pral kreye plizyè milye djòb, ladan yo ap gen djòb konstriksyon ki ofri salè dapre kontra sendika yo. Yon objektif anbochaj lokal 20 pousan pou pwojè a pral jenere opòtinite travay ki byen peye pou plizyè santèn rezidan East Harlem.
Yo te pwomèt East Harlem yon nouvo koneksyon metwo nan Second Avenue an depi lontan. Nan ane 1920 yo, pwopozisyon Dezyèm Sistèm nan, ki finalman te vin tounen sistèm metwo IND a, te gen ladan sèvis nan Second Avenue an. An 1948, votè nan Vil Nouyòk yo te apwouve yon prè obligasyon pou konstwi metwo dezyèm avni an, ki te finalman rete san konstwi apre kòmansman Lagè Koreyen an. An 1972, konstriksyon liy lan te finalman kòmanse nan East Harlem, men yo te abandone l pita an 1975 pandan kriz fiskal vil la. Seksyon tinèl yo te konstwi nan ane 1970 yo pral adapte epi itilize nan Faz 2 a, ladan yo pou Estasyon 116 St

Konsènan Faz 2
Dezyèm faz pwojè a pral pwolonje sèvis tren Q soti nan 96 Street nan nò rive nan 125 Street epi apresa lwès nan 125 Street rive nan Park Avenue, apeprè 2.40 km (1.5 mil) an total. Pral gen yon koneksyon dirèk pou pasaje yo ak estasyon metwo 125 St ki deja egziste a sou liy metwo Lexington Avenue an. Faz 2 a pral gen ladan tou yon antre nan Park Avenue pou pèmèt transfè pratik nan estasyon Metro-North Railroad 125 Street la.

Chak estasyon pral gen batiman oksilyè an sifas tèren ki ebèje ekipman vantilasyon mekanik ak elektrik, ansanm ak espas pou evantyèl komès an detay nan sousòl la ak pou itilizasyon kominotè. Ekspansyon an pral sèvi 300,000 pasaje chak jou lè li konbine ak Faz 1 an – epi li pral bay twa nouvo estasyon ki aksesib dapre Lwa Ameriken sou Moun ki Gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA) yo — sa k ap ogmante nivo konfò ak komodite pou kliyan yo. Ogmantasyon koneksyon transpò piblik miltimodal nan estasyon 125 Street nan Park Avenue avèk koneksyon ak liy 4 5 6,

Metro-North ak Sèvis Otobis M60 Select nan Ayewopò LaGuardia pral pèmèt transfè pratik nan direksyon lòt liy ray ak metwo, sa ki fasilite transpò ki pi dous, pi rapid atravè vil la ak rejyon metwopoliten an.

Senatè Etazini Charles Schumer te deklare, "Seremoni lansman jodi a, ansanm ak atribisyon yon lòt kontra konstriksyon pou Faz De nan Metwo Second Avenue an pral fè nou franchi yon lòt gwo pa pi pre pou nou rive nan egalite nan transpò nan Nouyòk. Pwojè sa pral asire East Harlem gen pi bon aksè ak travay, swen sante ak lòt sèvis esansyèl, tout pandan l ap diminye anbouteyaj ak foul nan metwo epi amelyore kalite lè a. An kolaborasyon ak Reprezantan Adriano Espaillat ak Gouvènè Kathy Hochul, mwen te jwenn 3.4 milya dola nan finansman federal—pi gwo sibvansyon pou envestisman kapital nan listwa nan epòk sa a—pou fè pwojè transfòmasyon sa a avanse. Lè konstriksyon an fini, plis pase 300,000 Nouyòkè pral benefisye prèske 3.22 km (2 mil) nouvo pis la, sis nouvo estasyon, ak yon estasyon ki konplètman renove."

Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te deklare, "Nouyòkè yo tann ase lontan pou ekstansyon Metwo Second Avenue an, ki pral diminye tan vwayaj, kreye nouvo opòtinite, epi bay pi bon koneksyon pou kominote a. Mwen fyè dèske MTA ap bay plis pase 1 milya dola nan ekonomi an epi kèk pati nan pwojè a an avans pa rapò ak kalandriye a. Pwojè enfrastrikti esansyèl sa yo se fòs ak vitalite ekonomi nou an, epi yo pral bay yon sistèm transpò piblik ki an sekirite, fyab, epi aksesib, jan moun k ap vwayaje chak jou yo ak fanmi yo merite li."

Reprezantan Ameriken Adriano Espaillat te deklare, "East Harlem te lontan yon zòn dezè nan transpò, sa ki kite plis pase 100,000 Nouyòkè k ap viv la san aksè ak metwo nan yon vil ki genyen pi gwo sistèm transpò piblik nan peyi a. Lè mwen te vin nan Kongrè a, mwen te mete priyorite sou konstriksyon estasyon Metwo Second Avenue an soti nan 106th ak 116th street, ansanm ak koneksyon 125th street. Apre plizyè ane travay sou teren nan kominote a ak nan Kongrè a, jounen jodi a se yon lòt etap enpòtan nan efò siksè nou pou delivre nouvo metwo sa a, ki reyalize yon pwojè ki te bloke pandan plizyè dizèn ane. Mwen rekonesan pou angajman ak efò nou tout te pataje ansanm ak Gouvènè Hochul, Lidè Schumer, Lidè Jeffries, Janno Lieber, kòlèg nou yo nan biwo lokal yo, ak anpil lòt moun. Pou lavni, m ap kontinye travay ak kowalisyon lidè sa a pou elaji efò nou deja ap fè yo pou asire pwojè istorik sa a tradui an djòb kalifye ki byen peye pou vwazen nou yo nan El Barrio — epi pou mete bon pwoteksyon an plas pou yo ka santi yo alèz pandan travay konstriksyon k ap vini yo epi pou yo kapab rete, grandi, epi kontinye viv nan katye yo konnen, yo renmen, epi yo reprezante a."

Senatè Eta a, José M. Serrano, te deklare, "Mwen kontan anpil pou seremoni lansman pwochen faz Pwojè Metwo Second Avenue an, yon pwojè yo t ap tann depi lontan. Antake Senatè pou 29yèm Distri Sena a, ki reprezante kominote yo nan South Bronx ak East Harlem, mwen se yon sipòtè envestisman enpòtan sa a depi lontan, ki esansyèl pou rezidan yo ak moun k ap fè deplasman chak jou atravè Vil Nouyòk. Mwen remèsye anpil Gouvènè Kathy Hochul, manm kongrè yo, patnè federal nou yo ak Depatman Transpò a, paske yo te travay pou asire tranzisyon nesesè a nan Faz 2 pwojè sa a."

Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare, "Nan non elektè mwen yo, mwen kontan aprann Faz 2 Metwo Second Avenue an rete sou bon chemen pou finalman pote jistis nan transpò piblik la ansanm ak modènizasyon ki nesesè yo, rezidan ki la depi lontan yo merite anpil. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè pwojè sa a, epi mwen ankouraje nou tout pou nou double efò kolektif nou yo, non sèlman pou konstwi tinèl, men tou chemen ki mennen nan pwosperite kominotè ak yon pi bon kalite lavi."

Manm Asanble Edward Gibbs, te deklare, "East Harlem tann plis pase yon syèk pou Metwo Second Avenue an. Nou te wè plan vini epi ale, pwomès fèt epi pa respekte, epi opòtinite pase devan kominote nou an. Seremoni lansman jodi a se prèv fwa sa a bagay yo diferan. Pou premye fwa depi plizyè jenerasyon, rezidan yo ka wè pwojè sa a ap pran fòm devan je yo epi yo ka konnen pwomès yon sistèm transpò piblik ki pi jis pou tout moun finalman ap tounen yon reyalite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan pwojè sa a rive nan bout li."

Manm Asanble, Jordan J.G. Wright, te deklare, "Seremoni lansman jodi a pou Metwo Second Avenue an nan Harlem se plis pase yon etap enpòtan nan konstriksyon; se yon envestisman ki te deja twò anreta nan diyite, mobilite, ak avni ekonomik kominote nou an. Pandan twò lontan, rezidan Harlem yo te sibi konsekans aksè limite ak transpò piblik, pandan y ap kontinye kontribye anpil nan fòs ak vitalite vil sa a. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, patnè nou yo nan Lejislati Eta a, responsab Vil la, delegasyon federal nou an, konsèy kominotè yo, sendika travayè yo, defansè kominotè yo, ansanm ak tout moun ki te angaje yo pou fè jou sa a vin posib. Ansanm, n ap bay Harlem transpò modèn ak fyab li merite a."

Prezidan minisipalite Manhattan, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Faz 2 Metwo Second Avenue an se yon envestisman pou plizyè jenerasyon nan lavni Harlem, East Harlem, Washington Heights, ak tout Upper Manhattan. Pandan twò lontan, twòp moun Manhattan pa t gen opsyon transpò rapid ak fyab. Ekspansyon sa a pral ofri vwayaj yon sèl plas nan kè Midtown ak Lower Manhattan, sa ki pral diminye tan vwayaj jiska 20 minit nan chak direksyon. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Prezidan MTA Janno Lieber paske yo defann epi envesti nan pwojè sa a, ansanm ak Manm Kongrè Adriano Espaillat pou plizyè ane defans li pou sekirize finansman federal ki nesesè pou fè li vin yon reyalite. Sa a se egzakteman kalite envestisman nan transpò piblik, aksesibilite ak opòtinite Nouyòkè yo merite."

Kontwolè Vil la, Mark Levine, te deklare, "Pwochen faz Metwo Second Avenue an reflete yon apwòch milti-fasèt pou ranfòse ekonomi East Harlem ak Upper Manhattan, pa sèlman nan sa pwojè a pral pwodwi lè li fini, men nan konstriksyon an li menm. Yon nouvo liy transpò piblik aksesib, 70,000 djòb sendika, ak plis pase 1 milya dola ekonomi, se sa adaptabilite ak efikasite nan gouvènman an ka reprezante. Mwen pa ka tann pou Faz 2 a kòmanse byento, epi pou m aprann plis leson enpòtan nan sa k ap fèt la."

Lidè Majorite Konsèy la, Shaun Abreu, te deklare, "Pandan yon syèk, Upper Manhattan t ap tann yon koneksyon Second Avenue ki te nesesè anpil, e kounye a,

Gouvènè Hochul ap bay li. Pote yon nouvo liy pral kreye yon aksè ki chanje jwèt la pou plizyè santèn milye moun k ap vwayaje chak jou. N ap tann ak enpasyans pou konstriksyon Faz 2 a kòmanse, epi nou trè kontan ak gwo vizyon Gouvènè a pou yon Harlem ki konekte, ki gen ladan lès pou rive nan lwès!"

Manm Konsèy Yusef Salaam, te deklare, "Jodi a make yon lòt gwo etap enpòtan nan angajman nou pou konstwi yon Nouyòk ki pi solid e ki pi konekte. Pwojè Faz 2 Metwo Second Avenue an pral pote aksè ak transpò piblik yo te tann twò lontan pou East Harlem, konekte plizyè milye Nouyòkè ak djòb ak opòtinite, epi reyalize yon pwomès ki te pran plizyè jenerasyon pou rive fèt. Lè nou aplike leson nou te aprann nan Faz 1, n ap fè pwojè sa a avanse yon fason pi efikas, n ap ekonomize plis pase 1 milya dola pou kontribyab yo, pandan n ap kreye bon djòb sendika ki byen peye epi elaji aksè ekitab ak transpò piblik ki fyab. Se konsa nou bati yon avni ki meyè, pi rapid epi pou tout Nouyòkè."

Carlo A. Scissura Esq., Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral, Kongrè Konstriksyon Nouyòk (New York Building Congress) la, te deklare, "Pandan prèske yon syèk, rezidan East Harlem yo te resevwa pwomès kominote yo ta pral benefisye koneksyon ak sistèm transpò piblik nou an. Jodi a, ansanm ak Gouvènè Kathy Hochul, Rep. Adriano Espaillat ak MTA, manm Building Congress yo ap tann pou yo kòmanse, epi nan epòk sa a, machin pou fouye tinèl yo, nan tè a pou bay pwomès sa a lavi."

Gary LaBarbera, Prezidan Bilding ak Konstriksyon Konsèy Trades of Greater Nouyòk (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare, "Seremoni lansman Faz 2 Metwo Second Avenue an make yon gwo avans nan bay enfrastrikti transpò modèn Nouyòkè yo merite, pandan li kreye plizyè milye karyè nan klas mwayèn ki ka soutni fanmi yo. Pwojè sa a pral konekte rezidan East Harlem yo ak djòb, edikasyon, swen sante, ak opòtinite atravè tout vil la, pandan li mete atizan ak travayè kalifye yo pou yo travay sou konstriksyon enfrastrikti esansyèl ki pral sèvi jenerasyon k ap vini yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul, MTA, ak tout patnè nou yo pou avansman envestisman transfòmasyon sa a ansanm ak kwasans ekonomik li pral pote nan vil ak eta nou an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU